

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil jeung pedaran panalungtikan dina bab IV baris dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun modél *Writing Workshop* kagolong can tuntas. Katitén tina hasil *pretest* anu ngawengku aspék kasaluyuan téma jeung eusi hasilna (3,57); aspék organisasi eusi hasilna (3,23); aspék éjahan hasilna (2,61); aspék diksi pilihan kecap hasilna (2,42); aspék makéna basa hasilna (2,80); aspék karapihan tulisan (2,80). Ari rata-rata peunteun kammampuh nulis carita pondok saméméh ngagunakeun modél *Writing Workshop* nyaéta 57,76. Katitén yén tina 21 siswa ngan 1 siswa atawa 5% nu nilaina kurang pisan, 8 siswa atawa 38% anu nilaina kurang, 11 siswa atwa 52% anu nilaina cukup, sarta 1 siswa atawa 5% anu nilaina alus. Anapon nilai pangluhurna nyaéta 76 jeung panghandapna 33.

Kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan Bandung Taun Ajar 2022/2023 sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop* kagolong tuntas. Katitén tina hasil *posttest* anu ngawengku aspék kasaluyuan téma jeung eusi hasilna (4,85); aspék organisasi eusi hasilna (4,47); aspék éjahan hasilna (3,19); aspék diksi pilihan kecap hasilna (3,33); aspék makéna basa hasilna (4,61); aspék karapihan tulisan (3,80). Ari rata-rata peunteun kammampuh nulis carita pondok sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop* nyaéta 80,76. Katitén yén tina 21 siswa ngan 1 siswa atawa 19% nu nilaina alus pisan, 14 siswa atawa 67% nu nilaina alus, sarta 3 siswa atawa 14% nu nilaina cukup. Anapon nilai pangluhurna nyaéta 93 jeung panghandapna 63.

Uji data dina ieu panalungtikan ngagunakeun *Statistic Parametric* kalawan uji *Paired Samples T-test* yén hasil signifikasina (Sig. 2-tailed) $0,000 \leq 0,05$. Bisa dicindekkeun yén H_1 ditarima H_0 ditolak, nu hartina aya béda nu signifikan antara

kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop*. Jadi modél *Writing Workshop* éféktif dina pangajaran nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, modél *Writing Workshop* miboga implikasi yén ieu modél pangajaran téh ditarima ku siswa. Dipakéna modél *Writing Workshop* jadi salasahiji cara pikeun numuwuhkeun sikep kréatif siswa dina ngamekarkeun ideu jeung gagasan, parigel dina ngagunakeun éjahan, milih kekecapan, jeung makéna basa, ogé éféktifna suasana diajar di kelas. Salian ti éta nalika prak- prakanna ngagunakeun ieu modél siswa jadi leuwih kréatif.

5.3 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan anu dilaksanakeun, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan anu salajengna bisa leuwih hadé sarta aya kamajuan dina prosés diajar ngajar, saperti ieu di handap.

1. Modél *Writing Workshop* bisa dijadikeun jalan alternatif pikeun guru dina pangajaran Basa Sunda di sakola, hususna dina matéri nulis carita pondok kelas XI di SMA/SMK/MA/MAK. Ku sabab dina hasil panalungtikan, katitén yén modél *Writing Workshop* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok siswa.
2. Lantaran ieu panalungtikan ngeunaan modél *Writing Workshop* ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, ku kituna kudu aya deui panalungtikan séjén sangkan leuwih lega ngeunaan modél *Writing Workshop* nyaéta ngagunakeun métode ékspérimén murni atawa dikolaborasikeun ngagunakeun média pangajaran.